

## KILÈS KI KA FÈ DEMANN?

- ◆ Nenpòt moun ki viktim oubyen ki mele nan koze a.
- ◆ Madanm, mari oswa fanmi viktim ki mouri a.
- ◆ Pitit oubyen frè ak sè viktim ki mouri a depi yo gen 18 an oubyen plis pase sa.
- ◆ Moun ki gen youn nan moun sa yo sou reskonsablite li: yon timoun ki viktim, yon granmoun ki pèdi tèt li, yon timoun piti epi yon frè ak sè moun mouri a si yo poko gen 18 an, timoun ki gen mwens pase 16 an ki temwen yon gwo krim oubyen ki tandè sa k pase a, epi krim sa a fè l vin gen pwoblèm sikolojik oubyen pwoblèm sikyatrik.
- ◆ Fanmi viktim ki mouri a ki fè yon demann paske nanpwen okenn jan pou peye pou antèman an.
- ◆ Nenpòt lòt moun ki te viv sou kont viktim ki mouri a oubyen moun ki te mele nan koze a.

## KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU FÈ YON DEMANN?

- ◆ Al pran yon fòm demann dedomajman, ranpli li nèt epi siyen li.
- ◆ Vini ak rapò lapolis la kòm prèv yo te pran enfòmasyon sou krim nan.
- ◆ Vini avèk resi depans krim nan lakòz ou fè (pa egzanmp resi ki make sa ou peye pou yo).
- ◆ Vini avèk papye lajan asirans lan peye, resi ranbousman, resi jijman oubyen antant.
- ◆ Vini ak deklarasyon travay ou ki make konbyen èdtan ou pèdi poutèt krim nan, epi vini avèk yon sètifika doktè ki montre ou pa te kapab vin travay.

## KI MOUN KI GEN DWA RESEVWA DEDOMAJMAN?

- ◆ Moun ki blese oubyen ki pran chòk sikolojik, chòk sikyatrik, gen dwa resevwa dedomajman. Yo ka fè kèk esepsyon pou viktim ki pa pran move kou oubyen ki pa mouri nan krim nan.
- ◆ Fanmi moun ki pèdi lavi yo nan ka yon vòl, oswa akòz yon moun ki komèt yon move zak lwa federal oubyen lwa Eta Florid la pini, oswa akòz yon moun ki tap kondi lè l sou oswa lè l pran dwòg (swa yon machin, yon kannòt oswa yon avyon), oswa akòz aksidan kote chofè a pa kanpe.

## KI SA KI NESESÈ POU YO DAKÒ AK YON DEMANN

- ◆ Pa kite 72 èdtan pase pou mande vin fè yon rapò sou krim nan. Si gen plis tan ki pase, fò gen yon bon rezon pou sa.
- ◆ Ou gen 1 an pou ranpli fòm demann nan. Si gen bon rezon pou sa ou ka gen 2 an pou ranpli l.
- ◆ Fòk viktim la dakò pou pale klè avèk lapolis, avèk ofis avoka leta a, avèk Ofis Pwokirè Jeneral la.
- ◆ Fòk viktim la pa te nan okenn move zafè kont lalwa.
- ◆ Se pa pou viktim nan te fè dekwa pou li domaje kò pa li.
- ◆ Se pa pou ni viktim, ni moun kap fè demann nan te nan prizon oubyen te fèmen yon kote lè krim la fèt.
- ◆ Se pa pou yo rekonèt ni viktim nan, ni moun k ap fè demann nan kòm yon malfektè yo te deja pran nan krim, nan vyolans, yo te deja jije pou move zak.

- ◆ Y ap tcheke dosye tout moun ki viktim oswa ki mande dedomajman pou wè si yo pa te deja komèt oken krim.

## KI JAN POU FÈ YON DEMANN

Ranpli fòm reklamasyon pou viktim, siyen li, voye li nan:

**Bureau of Victim Compensation  
The Capitol, PL-01  
Tallahassee, FL 32399-1050**

Nou ka jwenn fòm reklamasyon sa yo nan ofis avoka leta, ofis ki ede viktim, oubyen rele nan nimewo telefòn gratis pou moun ki viktim nan nimewo sa a:

**1-800-226-6667**

**Moun ki soud/bèbè ki sèvi ak sistèm  
“TDD” ka rele nan nimewo sa a:  
Florida Relay Service  
1-800-955-8771**

Si ou ta bezwen yo ede w pou ranpli fòm ou a chèche konkou moun ki plede kòz viktim yo nan zòn kote ou rete a. Yo pa mande w pran yon avoka pou ranpli fòm yo epi nanpwen peye pou sa.

## KI SA KI RIVE LÈ OU PREZANTE YON REKLAMASYON?

Lè reklamasyon an rive nan ofis kote ou voye l la, yo ka mande w bay plis detay sou eta sante w, sou eta finans ou. Se pou rasanble tout bagay ki gen pou wè ak krim nan pou prezante yo si yo mande yo.

*Gen posiblite pou yo redui valè lajan yo bay yon viktim san yo pa avèti li dapre valè fon yo genyen ki disponib pou kèk dedomajman byen detèmine, kote yo ka sèvi ak fon ki pi ba valè maksimòm yo ka bay la, pou deomajman sa yo.*

## Ki Sèvis Yo Ka Ofri Nou?

- ◆ Lajan salè yon moun pèdi paske li viktim yon krim ki enpoze l al travay oubyen paske se li ki okipe yon timoun ki viktim yon krim.
- ◆ Moun ki manke konkou paske se sou kont viktim ki mouri a yo te ye etan viktim la tap travay, tap touche lajan lè krim la fèt.
- ◆ Ki konkou lajan viktim la ka jwenn paske krim la fè l vin andikape.
- ◆ Depans pou antèman.
- ◆ Depans pou tretman doktè oubyen teknisyen pou bay swen ak lòt sèvis nesèsè.
- ◆ Preskripsyon doktè, ale pou linèt, pou mete fo dan epi lòt aparèy nesèsè apre krim nan.
- ◆ Konseye pou moun ki pa kapab reskonsab tèt yo.
- ◆ Ranbousman pou efè pèsònèl granmoun (60 an oubyen plis) ak moun andikape pèdi.
- ◆ Asistans pou moun yo maltrete anndan kay yo ki bezwen chanje kay rapid rapid. (Se biwo ki okipe zafè vyolans nan kay Nan Eta Florid ki pou detèminine ka sa yo)

**Avi:** Sèl dedomajman y ap bay, se pou depans ki mare dirèk dirèk ak krim ki fèt la.

Depatman ki la pou okipe moun ki viktim ak Pwogram Ministè Lajistis nan Ofis Pwokirè Jeneral la bay yon nimewo telefòn gratis pou bay enfòmasyon ak lòt referans pou ede moun ki viktim yon krim oubyen pou ede fanmi pre moun nan.

## Men nimewo telefòn Biwo Sèvis enfòmasyon pou viktim krim: 1-800-226-6667

Si nou gen posibilite sèvi ak entènèt se pou nou fè: <http://myfloridalegal.com>  
Pou moun soud, sèvi ak "TDD Florida Relay Services" nan nimewo:  
1-800-955-8771

Rele nimewo sa yo, mande pou Sèvis enfòmasyon ki ka voye n nan lòt sèvis tou chak fwa nou ta bezwen enfòmasyon sou koze sa yo:

- ◆ Ki jan pou aplike pou dedomajman viktim. Ki jan pou tcheke nan ki kategori yo dwe mete tèl viktim kap reklame dedomajman.
- ◆ Konkou prese prese.
- ◆ Ki sa pou fè pou kontakte tribinal ki kapab okipe ka sa a, oubyen nan ki kou dapèl yo dwe voye ka sa a.
- ◆ Adrès pwogram sèvis sa yo nan zòn kote ou ye a. Adrès sèvis ki ka bay konkou nan zòn nan.
- ◆ Pwogram seri egzammen yo mande lè gen koze sèks nan ka a.
- ◆ Pwogram kote yo kenbe adrès moun ki viktim abi ak vyolans lakay yo o sekrè.

# PWOGAM POU EDE MOUN KI VIKTIM KRIM AK VYOLANS



## ANNOU REKÒMANSE

Yo mete fon disponib pou ede viktim yo, epi fè yo jwenn lòt ajans ki kapab ba yo lòt èd



Biwo Pwokirè Jeneral la  
Bill McCollum